



Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

"Sekirite piblik se priyorite prensipal mwen. Nou pa ka pwoteje sekirite piblik la san yon sistèm tribinal k ap byen fonksyone. Nou bezwen atire epi konsève jij talantye yo e nou bezwen pou tribinal nou yo rann jistis nan fason ki ekitab epi san pèdi tan. Se poutèt sa mwen te mande moun mwenn te nonmen nan Komisyon sou Konpansasyon Lejislatif, Jidisyè ak Egzekitif yo pou sipòte yon ogmantasyon nan konpansasyon pou jij yo nan New York. Mwen te travay tou ak Biwo Administrasyon Tribinal la (Office of Court Administration, OCA) pou idantifye refòm kle pou ranfòse sistèm jidisyè a ak domèn kote nou ka fè patenarya ansanm pou amelyore administrasyon jistis la nan New York. Refòm sa yo genyen ladan yo yon vag nan resous pou tribinal familyal, transparans done yo ki ogmante, yon ekspansyon nan kantite tribinal k ap rezoud pwoblèm yo ak yon plan pou diminye aryere yo nan ka ki lye ak delenkan vyolan yo. Mwen rekonesan a nouvo lidèchip la nan OCA, ki enkli Jij Anchèf Wilson ak Jij Administratif Anchèf la, Zayas, pou patenarya yo ak angajman pataje yo pou mete refòm kle sa yo anplwa ak yon sistèm ki sèlman ekitab, e ki kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418